

Mount Sinai Hospitals Group / Gwoup Lopital Mount Sinai Yon Kout Je Sou Prensip Asistans Finansyè a

Lopital ki fè pati Mount Sinai Hospitals Group, Inc. yo konprann pafwa yon pasyan ki bezwen swen kapab gen difikilte pou peye pou sèvis li resevwa yo. Nou kapab ede ou aplike pou asistans finansyè si ou kalifye selon kantite lajan w ap fè. Nou kapab ede ou aplike pou asirans gratis oswa bon mache tou si ou kalifye.

Kimoun ki kalifye pou yon rabè?

Asistans finansyè disponib pou pasyan ki pa gen anpil kòb epi ki pa gen asirans sante, oswa ki te itilize tout avantaj asirans sante yo.

Si w ap viv nan Eta New York, ou kapab resevwa yon rabè sou swen ijan si ou satisfè limit sou kantite lajan moun kapab fè a.

Si w ap viv nan Vil New York, ou kapab resevwa yon rabè sou swen ki pa ijan epi ki nesèsè pou rezon medikal si ou satisfè limit sou kantite lajan moun kapab fè a.

Yo pa kapab refize ba ou swen ijan oswa lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal paske ou bezwen asistans finansyè.

Kisa limit sou kantite lajan moun kapab fè a ye?

Kantite rabè a varye selon kantite lajan w ap fè ak kantite moun ki nan fanmi ou. Sa yo se limit sou kantite lajan moun kapab fè:

Kantite moun nan fanmi an	Kantite lajan fanmi a fè chak ane	Kantite lajan fanmi a fè chak mwa	Kantite lajan fanmi a fè chak semèn
1	Jiska \$60,240	Jiska \$5,020.00	Jiska \$1,159.35
2	Jiska \$81,760	Jiska \$6,813.33	Jiska \$1,573.52
3	Jiska \$103,280	Jiska \$8,606.67	Jiska \$1,987.68
4	Jiska \$124,800	Jiska \$10,400.00	Jiska \$2,401.85
5	Jiska \$140,560	Jiska \$12,193.33	Jiska \$2,816.01
6	Jiska \$167,840	Jiska \$13,986.67	Jiska \$3,203.18
7	Jiska \$189,360	Jiska \$15,780.00	Jiska \$3,644.34
8	Jiska \$210,880	Jiska \$17,573.33	Jiska \$4,085.51

* Selon Gid Pòvreté Federal ane 2024 la

Ki sèvis Prensip Asistans Finansyè lopital la garanti?

Sèvis "Fasilite" Lopital: Rabè a garanti tout sèvis ijans ak lòt sèvis ki nesèsè pou rezon medikal lopital la ba ou li menm.

Sèvis "Pwofesyonèl": Rabè a garanti tout sèvis pwofesyonèl ijan ak lòt sèvis pwofesyonèl ki nesèsè pou rezon medikal ou resevwa nan fasilite lopital la¹ nan men moun k ap travay pou lopital la. Rabè a kapab garanti kèk sèvis pwofesyonèl ijan ak lòt sèvis pwofesyonèl ki nesèsè pou rezon medikal ou resevwa nan fasilite lopital la nan men moun k ap travay pou Icahn School of Medicine nan Mount Sinai tou. Men, gen anpil chans rabè a p ap garanti lajan pwofesyonèl swen sante prive oswa "volontè" mande pou peye pou sèvis pwofesyonèl. Pou konnen si rabè a ap garanti sèvis pwofesyonèl ou resevwa nan men pwofesyonèl swen sante ou, ou kapab vizite www.hospitalassistance.org oswa ou kapab kontakte biwo yo ki nan li anwo nan rezime sa a.

Ki sèvis Prensip Asistans Finansyè lopital la pa garanti?

Nou pa garanti sèvis ki pa nesèsè pou rezon medikal, tankou chiriji kosmetik, vè kontak kosmetik ak sèvis etid somèy. Nou pa garanti frè pou bagay pèsònèl, tankou chanm prive, enfimiyè prive, ak televizyon. Nou pa garanti sèvis ki gen pou wè ak rechèch..

- Mount Sinai Beth Israel (Petrie Campus)

Department of Patient Financial Counseling, 281 First Avenue at 16th Street, Silver Pavilion, 5th Floor, New York, NY 10003, T 212-844-1914, F 212- 844-1771

- Mount Sinai Beth Israel (Mount Sinai-Union Square) Department of Patient Financial Services, 10 Union Square East, Room 2047 New York, NY 10003, T 212-844-6041, F 212-844-8401
- Mount Sinai Brooklyn 3201 Kings Highway, Room 116, Brooklyn, NY 11234, T 718-951-2751, F 718-951-2822
- The Mount Sinai Hospital (New York) Department of Financial Counseling, 17 East 102nd Street, Room D1-228, New York, NY 10029, T 212-824-7274, F 212-876-7775
- Department of Financial Counseling, 1468 Madison Avenue, Room 210, New York, NY 10029, T 212-241-4851, F 212-426-1094
- Mount Sinai Queens

30-14 Crescent Street, Astoria, NY, 11102, T 718-906-6214, F 718-808-7497

- New York Eye and Ear Infirmary of Mount Sinai

First Floor, 310 East 14th Street, New York, NY 10003, T 212-979-4183, F 212-353-5738

- Mount Sinai West

Department of Patient Financial Counseling, 1000 Tenth Avenue, Room 2J, New York, NY 10019, T 212-523-7816, F 212-523-8143

- Mount Sinai West (HEAL Center)

1000 Tenth Avenue, Room 1B03, New York, NY 10019, T 212-523-3900, F 212-636-3806

- Mount Sinai Morningside

Department of Patient Financial Counseling, 1111 Amsterdam Avenue at 114th Street, Room 1B-105, New York, NY 10025, T 212-523-2552, F 212-523-5620

- Mount Sinai Morningside (HEAL Center)

1090 Amsterdam Avenue, Clark Building, Room 9A, New York, NY 10025, T 212-523-3900, F 212-523-3955

- MSSN: Mount Sinai South Nassau, One Healthy Way, Oceanside, NY 11572 Attn: John Stryck T 516-632-4015

Gen anpil chans rabè a p ap garanti sèvis pwofesyonèl ou resevwa nan men yon pwofesyonèl sante prive oswa "volontè". Ou kapab pale ak pwofesyonèl swen sante prensip asistans finansyè a pa garanti pou wè si yo ofri yon rabè oswa plan pou peye.

Kijan pou mwen aplike pou asistans finansyè?

Ki dokiman pou mwen bay lè m ap aplike pou yon rabè?

Dokiman ou oblije bay yo ap depann selon sitiyasyon ou. Nòmalman w ap bezwen bay prèv pou montre kimoun ou ye, kote ou abite, konbyen lajan w ap fè, kimoun depandan ou yo ye (si w ap reklame depandan) ak sipò pou timoun oswa madanm/mari ou peye.

Si ou pa kapab bay okenn nan bagay sa yo, ou kapab toujou aplike pou asistans finansyè. Kontakte biwo ki nan lis sou premye paj rezime sa a.

Konbyen m ap bezwen peye?

Ou gendwa pa bezwen peye senk kòb pou timoun ak fanm ansent, men li depann selon kantite lajan w ap fè. Kantite w ap bezwen peye pou granmoun ap yon pousantaj sa Medicare t ap peye pou sèvis la, men li depann selon kantite lajan w ap fè tou. Si ou kalifye pou asistans finansyè, ou p ap bezwen peye plis pase kantite lopital la konnen mande peye pou sèvis ijan ak lòt swen ki nesèsè pou rezon medikal.

Ekip nou an ap ba ou tout detay ou bezwen sou rabè pa ou a menm kou nou fin trete aplikasyon ou an.

Kijan m ap fè pou jwenn rabè a?

W ap bezwen ranpli fòm aplikasyon an. Ou kapab aplike pou yon rabè avan ou gen yon randevou, lè ou vini lopital la pou resevwa swen, oswa lè yo voye fakti a ba ou pa lapòs. W ap genyen jiska 240 jou apre ou resevwa premye fakti nan men nou pou soumèt aplikasyon an.

Kijan m ap fè konnen si yo te apwouve rabè a pou mwen?

N ap voye yon lèt ba ou nan lespas 30 jou apre ou soumèt yon aplikasyon ki konplè, pou di ou si nou te apwouve ou ak kantite rabè w ap resevwa.

Sa pou mwen fè si mwen resevwa yon fakti pandan m ap tann pou tande si mwen kapab jwenn yon rabè?

Yo pa kapab fè ou peye yon fakti lopital pandan y ap konsidere aplikasyon ou pou yon rabè. Si yo refize aplikasyon ou a, lopital la dwe ekri ou pou di ou poukisa epi li dwe pa ou yon mwayen pou konteste desizyon an nan yon nivo ki pi wo nan lopital la.

Sa pou mwen fè si yo te refize ba mwen yon rabè epi mwen panse te gen yon erè?

Ou kapab konteste, si ou fè sa nan lespas 30 jou apre ou resevwa lè nou ki refize ba ou rabè a. Ou kapab konteste sèlman si ou te bay enfòmasyon ki pa kòrèk, oswa te gen yon chanjman nan sityasyon finansyè ou oswa yon lòt gwo sikonstans. Ou dwe soumèt kontestasyon ou nan biwo ki sou lis nan premye paj la.

Sa pou mwen fè si mwen jwenn yon rabè epi mwen toujou pa gen mwayen pou peye fakti mwen?

Si ou jwenn yon rabè men ou toujou pa ka peye fakti ou, gen posiblite pou ou kalifye pou yon plan peman san enterè. Si ou kalifye pou plan peman an, kantite w ap peye chak mwa ap depann selon kantite lajan w ap fè.

Sa pou mwen fè si mwen gen yon pwoblèm epi mwen pa kapab rezoud li ak lopital la?

Ou kapab rele liy telefòn plent Depatman Sante Eta New York nan nimewo 1-800-804-5447.

Kijan pou mwen jwenn yon kopi prensip asistans finansyè lopital la ak yon aplikasyon?

W ap jwenn kopie prensip asistans finansyè lopital la, rezime sa a, ak aplikasyon pou asistans finansyè a sou entènèt nan adrès www.financialassistance.org. Epiou genyen kopi materyèl sa yo ki disponib nan biwo ki sou lis anwo a, epi ou kapab kontakte biwo ki sou lis anwo a pou mande yo voye kopi materyèl sa yo pou ou pa lapòs (gratis).

Nan ki lang prensip asistans finansyè lopital la disponib?

Prensip asistans finansyè ak aplikasyon pou asistans finansyè lopital la disponib nan lang sa yo:

[Panyòl, Chinwa, Kreyòl Ayisyen, Polonè, Ris](#)